Chiratidzo ChaMesia

. . .kuitira chiratidzo, icho chekuita kutanga, pane Shoko raKe. Munotenda here kuti Rakafemerwa? Ko Aikwanisa kunge akanyepa here, kana kuti Aingotamba hake here? Haana kuita izvozvo. Iye akati, "Mwanakomana haagoni kuita chinhu maari pachaKe, asi izvo zvaAnoona Baba vachiita: ndizvo zvinoita Mwanakomana saizvozvowo. Baba vanoshanda, uye Ini ndinoshandawo kusvikira zvino."

2 Kune vanhu vechidiki: Jesu akaona chiratidzo cheizvo Mwari vaida kuti Aite, uye Akangozviita mumutambo. Maifanira kunge munesu patafura yekusvusvura kwemasikati nhasi kuti muzvione, chinhu chimwe chete chichiitika.

3 Zvino, cherechedzai, zvadaro Gwaro rinotaura kuti Iye akataura mashoko aya: "Chinguva chiduku, uye nyika haichazoNdioni zvekare;" ndeuyo asingatende, "zvakadaro imi muchaNdiona: nekuti Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvikira kumagumo enyika."

4 Zvino, izvozvo ichokwadi here kana kuti hazvisi chokwadi? Regai tingo—tingozvitaura uye tozviongorora pakati pedu. Izvozvo ichokwadi here? "Ini . . . " *Ini* chisazitasingwi chemunhu. "Ini ndichange ndinemi, mamuri, kusvika kumagumo enyika. Chinguva chidiki, uye uyo asingatendi, chechi yenyika, vachapinzwa mukati, uye havachazoNdioni zvekare; asi Chechi pachayo, imi, Ndichave nemi, mamuri, kusvikira kumagumo ezera." Nyika, haisati yasvika kumagumo nazvino, saka Kristu anoramba ari mumwe chete.

5 Zvino, Iye akati, "Ndini Muzambiringa, imi muri matavi." Zvino, muzambiringa haubereke michero yawo pachawo, unongogadzirisa matavi chete, uye matavi ndiwo anobereka muchero. Munozviziva izvozvo here? Saka zvadaro, kana ukaenda kumuzambiringa, waizotarisira kuwanei? Mazambiringa. Kana ukaenda kumunwiwa, waizowana manwiwa, kana uri munwiwa unobereka. Kana ukaenda kumuti wemupichisi, waizowana mapichisi.

6 Asi zvadaro, kana iwe . . . kana Kristu ari Muzambiringa, uye nhengo dzaKe dzechechi dziri matavi, chii chaunofanira kuwana muchechi? "Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaita; anopfuura aya muchaaita; nekuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu."

7 Chii chaunowana kana uchinge waenda kuchechi? "Tiri maPresbyteriani." "Isu tiri maBaptisti." "Tiri maPentekosti." "Tine Mharidzo." "Tine *izvi*."

8 Izvozvo handizvo Kristu. Kristu rudo, nekuti Iye aive Mwari. "Ivai . . . Neizvi vanhu vese vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe."

Asi, "Hatiendi zasi kumusangano iwoyo; chechi yedu haisi kubatirana nawo."

Zvakanaka. "Vose avo Baba vavakaNdipa vachauya," akadaro Jesu.

9 Zvino cherechedzai. Zvino ngatinzverei Gwaro, ipapo, uye toona izvo chete zvaAkaita kumashure uko, kuti vanhu vazoziva kuti Ndiye aiva Mesia. Uye chero chipi zvacho chaAkaita *ipapo* kuratidza kuvanhu kuti Iye aiva Mesia, zvadaro Anofanira kuita zvimwe chete *zvino*, kana kuti Iye haasi mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Unotenda izvozvo here?

Zvino, isu, ndinoziva kuti isu, machechi edu, tinotaura zvakasiyana: "Oo, nekuti tine sangano *iri*. Tine boka *iri* rinopa rubatsiro."

Zvinhu izvozvo zvakanaka, asi handizvo zvakaitwa naKristu, uye handizvo zvaAkataura kuti tiite, kwete zvachose.

10 Saka, cherechedzai, ngatidzokerei kumashure; tiri kuverenga muna Mutsvene Johane; ngatidzokerei kuchitsauko 1; tiri pane yechi 12; ngatidzokerei pachitsauko 1 uye kuti tione, chikonzero Iye akataura zvirevo izvi—izvi nenzira yaAkaita pano. Zvakanaka. Mutsvene Johane chitsauko 1, tinoona pano kuti mushure mekunge Abhabhatidzwa, uye Mweya Mutsvene wakange uri paAri, uyo vaiva Mwari . . .

11 Uye Iye aive neMweya usina chiyero. Isu tinawo muchiyero. Heino pfungwa yacho: Mvura yese iri kunze uko munyanza yaive Mweya uyo waiva muna Kristu; uyo uri matiri chipunu chakazara kubva munyanza iyoyo, asi mishonga mimwe chete iri muchipunu chakazara ndiyo iri munyanza yose, husina hawo kuzowanda kudaro. Iye aive nayo, mvura dzese dzaive maAri, uye isu tine chipunu chakazara. Yake yaive: Iye aiva Mwari akaitwa nyama uye akagara pakati pedu; Aive Emanueri. Asi isu tiri vana vakagadzwa kubudikidza nenyasha dzaKe.

12 Zvino, mushure mekunge Agamuchira Mweya Mutsvene muhuzaro hweMweya Mutsvene, apo tinowana rubhabhatidzo, Iye akagamuchira huzaro hweMweya Mutsvene, zvino, tinoona kuti pakarepo shumiro yaKe inotanga muno muna Mutsvene Johane 1.

13 Uye paive nemumwe murume akaponeswa. Uye nekukurumidza apo paakange aponeswa, akaenda kune mukoma wake, Simoni, uye akadzoka nemukoma wake muHupo hwaIshe Jesu. Zvino apo Jesu paakamuona kekutanga, Akamuudza kuti zita rake rainzi ani, ndokumuudza kuti aizorishandura kubva kuna Simoni kuve Petro, Kefasi. Ko Iye akaita izvozvo here? Uye Akamuudza kuti zita rababa vake

rainzi ani, Jona. Akati, "Iwe, kana kuti, zita rako rinonzi Simoni; uri mwanakomana waJona."

14 Zvino rangarirai, ichi ndicho chinhu chekutanga. Uye Petro akange ari murume asingazive uye asina kudzidza, haana kumbobvira akawana dzidzo ipi zvayo, akange asingakwanise kana kusaina zita rake pachake. Bhaibheri rakati akange asingazive uye asina kudzidza. Kana dzidzo ichiita chikamu chakakura kudaro, ko toti kudii apa? Uye murume iyeye akapihwa makiyi ekuHumambo hweKudenga.

15 Tasvika kupi nezvose zvezvikoro zvedu nezvinhu? Handisi kutaura kuti hatinazvo, asi imi muri kuisa simbiso yakanyanya padzidzo yenyu. Izvozvo zvakanaka, asi izvozvo hazvimbokuponesai; kana mukasacherechedza, zvichakuitai kuti muparare. Dzidzo ndiyo yakave chipingaidzo chikuru kwazvo icho Vhangeri charati rambove nacho. Ndizvozvo, nekuti vanhu vanoedza kuchenjera zvakaripfuura.

16 Iro, nhoroondo yekuparwa kwedzimhosva . . . Apo Captain Al Farrar, mukuru weFBI weVechidiki, akatendeuka mumusangano wangu, iye akati, "Hama Branham, chirevo chenyu chaizvozvo ndeche chokwadi. Ndichakuendesai kuno chaiko kune nyaya imwe neimwe zvayo yevechidiki yakaitika mumakore gumi apfuura muUnited States, zviri pakati pevanhu vakadzidza." Ndizvozvo chaizvo. Zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zvazvo ndizvo zvazviri. Ivo vakangwara kwazvo, ivo vanofunga kuti vanokwanisa kungonzvenga mutemo nezvinhu saizvozvo. Ndicho chikonzero ivo vari, vanopinda munyatwa.

17 Uye ivo vanofunga kuti, "Zvakanaka, tine chechi huru; tiri zita guru." Handizvo izvozvo. Unofanira kuberekwa patsva. Pasina iko, wakarasika zvachose, hazvina basa kuti wakanaka zvakadini. Kaini aive akanaka saAbheri, ainamata zvimwe chete saAbheri, akavaka chechi zvimwe chete saAbheri, akaita chipiriso zvimwe chete saAbheri; uye Mwari vakamuramba nekuti akange asina chizaruro chepamweya, cheizvo zvakange zvakanaka. Jesu akati, "Pamusoro pechizaruro chepamweya chimwe chete ichocho Iye aizovaka Chechi yaKe; uye masuwo egehena haaizokwanisa kuikunda." Kuzarurirwa pamweya neMweya Mutsvene.

18 Zvino, ko Jesu ari kuitei? Ari kuenda kumaJudha, achizviita kuti azivikanwe pachaKe. Zvino, mushure mekunge izvi zvangoitika, pakanga paine mumwe ainzi Firipi. Iye akafunga kuti zvaifadza kwazvo, saka akapoterera seri kwegomo akaenda kwemamaira gumi nemashanu uye akawana shamwari yake yainzi Natanaeri. Uye Natanaeri, paakamuwana, aive pasi pemuti, achinamata. Uye iye akamirira kusvikira Natanaeri apedza kunamata, uye iye, zvichida, apo paakasimuka, iye akati, "Mhoro, Firipi. Ndafara kuti ndakuona."

Iye akati, “Huya uone Uyo watawana.” Ndizvozvo, asina kana nguva yekuti, “Wakadii? Ndafara kusangana newe. Mudzimai wako anofara here?” Iye aive neshoko.

19 Uye kana chechi ikazombowana kufadzwa ikoko pamusoro paKristu, chimwe chinhu chinozoitika. Asi tine mhando dzese dzezvekuwadzana nezvinhu zvose zvichienderera mberi. Ndosaka tiri kufa. Zvirokwazvo. Uye tiri kunetsekana nepamusana pekuti Russia iri kuzouya neche kuno uye yoita . . . Regai kunetseka nekuda kwaizvozvo. Hakasi kadhimba kanotyobora apurosi kanorikuvadza, igonye riri pakati ndiro rinoriuraya. Kuora kwedu pachedu kuri pakati pedu ndiko kuri kutiuraya.

20 Takanga tiri musana wemazvirokwazvo weChikristu wevarume nemadzimai avo vaimiririra Mwari . . . Pachinzvimbo chekuenda kuchechi neChitatu manheru, tinogara kumba kuti tione rock-and-roll paterevhizheni, naArthur Godfrey, uye nevamwe vanhu vese ava pawairesi, uye na*Tinoda Susie*. Zvinotaridza kuti munoda nyika kupfuura kuda kwamunoita Mwari. Kana mwoyo wako uri unoda Mwari, Mwari anouya pekutanga, uye uri mwoyo wako wese.

Natanaeri . . . Akati, “Huya uone Uyo watawana, Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa.”

21 Uye zvino iye . . . ndinokwanisa kungofungidzira kumunzwa achiti, “Zvinoka chimbomira zvishoma, Firipi. Zvechokwadi iwe warasika kusvikira kwekupedzisira kwakashata kwacho. Warasikira kwekupedzisira kwakadzika. Ndakuziva iwe uchiva murume, murume akatendeka, uye apa uri kundiudza here kuti warasika nechimwe chinhu chakadaro? Nhai, unofanira kunge wakapinda mune kumwe kupengereka. Unoziva here, Firipi, dai Muchinda iyeye aive Mesia, unoziva here kwaAizosvika? Iye aizoenda kuJerusarema. Iye aizoenda kumuprisita, muprisita mukuru. Iye aizotaura kuti, ‘Mukuru-mukuru Kayafasi, muprisita mukuru waMwari, tinoziva kuti muri murume akachenjeresa munyika, murume mukurusa wechinamato ari munyika, uye nemi mose vaprisita vatsvene, munoziva Shoko rose.’ Iye aizouya ikoko zvino Aizoita kuti azivikanwe pachaKe.”

22 Imi maKatorike munofunga kuti Iye aizoenda kuVatican. Imi maPresbyteriani munofunga kuti Iye aizoenda kumubhishopi. Imi Pentekosti munofunga kuti Iye aizoenda kumukuru wedunhu; asi Iye anoenda kune uyo waAnoda kuenda kwaari. Ibasa raKe.

Zvino iye ndokuti, “Pane chinhu chakanaka here chingabuda muNazareta?”

23 Firipi akamupa mhinduro yakanaka kwazvo iyo yaaikwanisa kupihwa nemunhu upi zvake. Iye akati, “Huya uzvionere pachako.” Ndiyo nzira. Usagare kumba uye uchitsoropodza. Enda unoona kuti chii; zvitsvage muMagwaro.

Huya uzvionere pachako. Pamugwagwa seri kwegomo, ndinokwanisa kunzwa Natanaeri. . . Achiti kwaari, "Unoziva here muredzi wehove uya wekare uyo—uyo wawakatenga hove kubva kwaari nguva iya uyo akange asingakwanise kusaina risiti?"

"Hongu."

24 "Akauya pamberi paKe rimwe zuva. Zita rake ainzi Simoni, unoziva, uye Iye akamuudza kuti zita rake rainzi ani uye ndokumuudza kuti zita rababa vake rainzi ani. Hazvizondishamisa kana Akasaziva kuti ndiwe ani."

"Zvinoka, Firipi. Zvinoka, Firipi. Zvino, haugone kundiudza zvinhu izvozvo. Ndichatora sarudzo yangu kana ndichinge ndasvika ikoko."

25 Saka paakafamba achipinda muHupo hwaJesu kekutanga, Jesu akatarisa-tarisa, akati, "Tarira muIsraeri, uyo maari hamuna nduru!" Zvino, aikwanisa kunge ari muArabhu. Aikwanisa kunge ari muGiriki. Vese vaipfeka zvakafanana uye vaitaridzika zvakafanana, rudzi rwevanhu rwune ruvara rwutema, vaine ndebvu, ngowani dzemucheka nenguo dzakaregedzeka, magemenzi. Uye kunze kwaizvozvo, aigona kuve ari uyo asingatendi. Aikwanisa kunge ari mutsoropodzi, asi Iye akati, "Uri murume akarurama, mauri hamuna nduru."

Uye iye akatarisa kwaAri, akati, "Rabhi, ko Makandiziva rinhi? Ino ndiyo nguva yekutanga yandati ndaKuonai, kana kuti yaMandiona. Ko Makatondiziva rinhi?"

Iye akati, "Firipi asati akudana, apo pawanga uri pasi pemuti, Ndakuona."

26 Ko muJudha iyeye akati kudini? Heano ma—heano maonero emutendi chaiye. Iye akatarisa kwaAri, akati, "Muri Mwanakomana waMwari; Muri Mambo waIsraeri."

Asi paive neavo vakanga vakamira ipapo, vaprisita vakachenjera, ivo vakati, "Murume uyu ndiBherizebhabhu. Iye muuki."

27 Jesu akatendeuka uye ndokutaura kuti: "Munotaura izvozvo muchipesana neNi, Mwanakomana wemunhu, Ndichakuregererai: asi," nemamwe mashoko "pane zuva riri kuuya apo Mweya Mutsvene uchauya, zvino kana Iwo uchinge waita chinhu chimwe chete, shoko rimwe chete rinopesana naWo harizomboregererwi, munyika ino, kunyangwe munyika inouya." Vangani vanoziva kuti Gwaro rinotaura kudaro? Ndizvo. Chivi chisingaregererwi kudana Mweya Mutsvene, kushanda kweMweya Mutsvene, kuti chinhu chisina kuchena. Pane. . . "Haugone zvachose kuzomboregererwa nekuda kwazvo," akadaro Jesu.

28 Zvino, makacherechedza here? Jesu haana kumboita izvozvo kune Murudzi, kana muhupo hweMurudzi, nekuti Iye—Iye

akarambidza vadzidzi vaKe kuenda kuMarudzi. Uye apo mudzimai weSirofonike akati kwaAri, “Huyai, ivaiwo netsitsi kumukunda wangu.”

Iye . . . mudzimai akati . . . Iye akati, “Ini ndakango . . . hazvina kufanira kwaNdiri kuti nditore chingwa chevana, uye ndochikandira kumbwa.”

Uye iye ndokuti, “Hongu, Ishe, ichokwadi, ndinozviziva izvozvo: asi imbwa dzinodya mafufu.”

29 Iye akati, “Pane kutenda kukuru: Kana wazvitenda nenzira iyoyo, enda unozviwana nenzira imwe cheteyo.” Ndizvo zvoga zvaAkataura kwaari, pasina chiratidzo kwaari, ndokurega kutenda kwake kuchizviita. Munoona.

30 Zvino, Iye akaita izvozvo uye Akarambidza vadzidzi vaKe kuti vazviite. Zvino, tinoziva kuti kune nyika nhatu chete dzevanhu, kana kuti marudzi. Ndivo vanhu vaHamu, Shemu, naJafeti. Ndiye muJudha, Murudzi nemuSamaria, izvo muSamaria ari chikamu chepakati chemuJudha neche Murudzi. Imi cherechedzai Petro, aine kiyi dzekuHumambo: akahuzarurira kumaJudha paPentekosti; ndokudzika zasi achidarika nemuSamaria; ndokukwira kuimba yaKonerio; haina kuzomboshandiswa zvekare. Heano marudzi matatu epasi rose.

31 Zvino, “Iye . . .” muzuva raKe, “Akauya kune vaKe pachaKe, uye vaKe pachaKe havana kuMugamuchira.” Zvino, avo vakaMuseka uye vakati Aiva Bherizebhabhu, dhimoni, kuverenga pfungwa, kana muuki, kana mumwe mweya wakaipa, Iye akati, “Ndichakuregererai nekuda kwaizvozvo.” Vakanga vasingambobvira . . . Mweya Mutsvene wakanga usina kumbobvira wakadururwa pamusoro penyika. Akati, “Ndichakuregererai: asi kana Mweya Mutsvene wauya, hapana kana shoko rimwe zvaro rinopesana naWo, kana kuti hazvizombofa zvakaregererwa zvachose.”

32 Uye zvino, cherechedzai, rimwe zuva Akaenda nenzira yeSamaria. Uye apo paAkadaro, Iye aifanira, kuenda nenzira iyoyo, zvino Iye akatuma vadzidzi vaKe kuenda muguta kunotenga chekudya. Uye pane nzvimbo diki ipapo, tsime riri kunze kweguta, nzvimbo diki yaunoona kure uye pane pombi ye—yeruzhinji, apo pavanoenda kunotora mvura yavo. Uye pane chiwindirasi icho chiri pamusoro pepombi, uye madzimai anouya kunze ikoko nezvirongo zvine pekukochekera, ivo vanomoneredza, vongozvidzikisa pasi mutsime uye vochera mvura, zvino vochikwidza kumusoro, vochiitsiga pamusoro pavo, uye chimwe chiri pahudyu imwe neimwe, uye vofamba havo vachitaura, vachienda.

33 Jesu akanga akamirira ipapo kuti vadzidzi vaKe vadzoke. Uye paAkange akamirira, ngatitii iye aive mudzimai akanaka pachiso, mudzimai ane runako kwazvo akauya achifamba

kunze ikoko. Iye akanga ari muSamaria. Uye akatanga kudzikisa chirongo pasi mutsime kuti achere mvura, zvino ndokunzwa, Mumwe munhu akati, "Mudzimai, Ndiunzirewo mvura yekunwa."

34 Zvino iye akatarisa-tarisa, zvino aive muJudha aive agere ipapo. Mudzimai akati, "Zvakanaka, hatinei nechekuita mumwe nemumwe. Iwe uri muJudha, uye ini ndiri muSamaria, mudzimai weSamaria." Mune mamwe mashoko, vaive nerusarura, kusiyana kwemarudzi.

35 Asi Iye akamuita kuti azive kuti pakanga pasina musiyano. Iye akati, "Dai waiziva Uyo wauri kutaura naye; waizoNdikumbira mvura yekunwa uye Ndaizokuunzira Mvura iyo yausingauye pano kuzochera, kana kuti kukupa Mvura."

Zvino teererai, iyeye aiva Jesu zuro. Zvino, Ari kune muSamaria. MaJudha nemaSamaria, vaive vakaraswa, rudzi rwemasanganiswa. Uye zvino tarirai zvekare.

36 Uye iye ndokuti, "Unoreva here kuti Iwe uri mukuru kuna baba vedu, Jakobho? Ndivo vakachera tsime." Munoona, vaitoti Mwari ndewavowo, zvekare. "Iye akachera tsime. Vana vake vainwa kubva mariri nemombe dzake, uye pano Iwe unoti Une Mvura iyo yaUnorega . . . Iwe unoti Uri mukuru kupfuura zvaari?"

37 Uye hurukuro yakaramba ichienderera mberi. Chii chaAkange achiita? Kubata mweya wake, munoona. Zvino paAkawana kuti dambudziko rake raiva ripi, Akawana dambudziko rake. Zvino Iye ndokuti, "Mudzimai, enda, unotora murume wako, uye mugouya pano."

Iye akati, "Handina kana murume."

Iye akati, "Ndizvozvo. Wakave nevashanu; uye uyo wauri kugara naye zvino haasi murume wako: wataura chokwadi."

38 Zvino, mudzimai akataura kuti kudii? "Nhai, uri muuki here? Ikoko kuverenga pfungwa here? Uri Bherizebhabhu"? Kwete, changamire. Aiziva zvakawanda nezvaMwari kupfuura kuziva kunoitwa nehafu yevaparidzi vari muUnited States; iye, ari chipfeve.

39 Iye akati, "Changamire, ndinoona kuti Imi muri Muporofita." Zvino, kana ukaronda chirevo ichocho, zvinodzokera kuMuporofita *uya*, Uyo akataurwa nezvake naMosesi. "Ndinoona kuti Imi muri Muporofita. Tinoziva, isu maSamaria," zvino cherechedzai kuti vakange vakadzidziswa sei, munoona, "Tinoziva kuti kana Mesia achinge auya, Iye achatiudza zvinhu izvi. Asi Imi ndimi Aniko?"

40 Izvozvo zvaizova chii? Chiratidzo chaMesia. Chakava kumuJudha uye chikava kumuSamaria. Marudzi vaiva mahedheni. Hapana zvavaiziva pamusoro pachero Mesia. Ivo

vainamata zvimupunzo, vanamwari vezuva, nezvimwe zvese. Ndiro raiva boka redu—redu. Munoona.

41 Uye akati, "Tinoziva kana Mesia achinge auya . . . " Ndicho chikonzero Iye aifanira kuzvitaura, ivo vakange vanzwa nezvaKe. "Tinoziva kuti kana Iye achinge auya, Achatiudza zvinhu izvi. Asi Imi ndimi Aniko?"

Iye akati, "Ndini Iye wacho anotaura kwauri."

Zvino akamhanyira muguta uye akati, "Huyai, muone Murume Uyo andiudza zvinhu zvandakaita: haasi Iye Mesia wacho chaiye here?"

42 Kana iri iyo nzira Iye yaAkazvizivisa nayo kune Israeri, iyo yakange ichiMutarisira; zvekare, kumuSamaria, uyo akange achiMutarisira kuti auye; ko zvakadii neMurudzi, nhasi, uyo ari kuMutarisira kuti auye? Kana Iye akaita nenzira iyoyo, uye Iye asingakwanise kushanduka, nokuti ndiMwari, kana ichocho chakange chiri chiratidzo chaAkavaratidza, chekuzviita Mesia pachaKe: muJudha wechokwadi akazvitenda.

Oo, wekuomarara zvikuru, haana kuzvitenda. Iye haana kuzvitenda pakutanga kwacho, kunyangwe iye aiva murume mutsvene uye akatsvinda zvachose; iye aiva munhu mukuru.

43 Asi vadzidzi vebhaibheri, hatina vakadaro nhasi saivavo: Ivo vaitofanira kuuya kunyangwe nemune chimwe chizvarwa, muRevhi, asati akwanisa kuva muprisita. Baba vababa vababa vababa vababa vake vaive muprisita, uye iye aifanira kuuya zvichidzika nedzinza iroro, ari mutsvene, asina chipomerwa. Izvozvo hazvina kana nechinhu chimwe chete chekuita nazvo.

44 Unokwanisa kusataura chinhu chekunyeba, uye worarama zvinongove zviri chokwadi, uye woenda kuchechi husiku hwega-hwega, uye wongova neruremekedzo, uye uchibhadhara chegumi chako, uye uchiita zvinhu zvose, uye wopfugama paartari, wonamata, uye ugoenda kugehena senyenganyenga kudendere rayo. Ndizvo zvinotaurwa neGwaro. Ndizvo zvakaitwa naKaini. Asi ko chinamato chedu chehumbimbindoga chiri kutisvitsa kupi, zvakadaro? Chiri kutiendesa kure kubva kuna Mwari. Zvirokwazvo, chiri kudaro.

45 Zvino, cherechedzai. MuJudha, muJudha chaiye wechokwadi, aizvitenda. Ipapo paaingoona chiratidzo ichocho chichiitwa, iye akati, "Uyo ndiMesia. Uri Mwanakomana waMwari; Uri Mambo weIsraeri."

46 Jesu akati, "Nekuti watenda apo paNdakuudza, wanga uri pasi pemuti usati wauya, unotenda here? uchaona zvinhu zvikuru kupinda izvi."

47 Uye mudzimai aiva pastime akati, "Tinoziva kuti Mesia achaita zvinhu izvozvo nekuti tiri kutarisira kuti izvozvo zviitike. Asi Imi ndimi Aniko? Muri muporofita here?"

Iye akati, "Ndini Mesia wacho."

48 Iye akauya, akati kune varume, "Zvino, imi makandidzidzisa kuti Mesia aizoita zvinhu izvi. Zvino, pane Murume kunze uko uyo andiudza zvinhu zvandakaita. Haasi Iye Mesia wacho here?"

49 Zvino, kana Iye achifanira kuita nenzira imwe chete . . . Zvino rangarirai, hazvina kumbobvira zvakaitwa pamberi peMurudzi. Takava nemakore zviuru zviviri zvechidimu cherima uye nechidimu chechiedza; kujoinha chechi. Asi Iye aizova asina nduramo uye aizoratidza kuve akarerekera kune rimwe divi dai Asina kuzviratidza pachaKe, Kristu akamuka, mushure mezviuru zviviri zvemakore.

50 Uye kwete nekuti tine machechi makuru: handicho chiratidzo chacho. Nekuti takaenda tichidimburira nemunyika mose, Billy Graham, Oral Roberts uye nesu tese, uye tikava nenhengo huru dzakauya muchechi: handicho chiratidzo. Handicho chiratidzo zvachose. Handizvo zvaAkaita: kuti, "Tarirai pano, Ndichazvuva mhomho yakakura kudarika zvakaitwa naJohane." Ichocho chakange chisiri chiratidzo. Asi chiratidzo chaMesia chaiva izvo zvandiri kutaura nezvazvo pano izvo zvaAkaita.

51 Kana Iye akaita izvozvo pamberi pechizvarwa chemaJudha, ndokubva agurwa, uye kune rudzi rwemasanganiswa ayo akange akaMutarisira, Iye anofanira kuita chinhu chimwe chete pamberi pechizvarwa chino cheMarudzi, kana kuti Akaita chinhu chisiri icho apo paAkaita kumashure uko, nenzira iyoyo. Kana Akatirega tichipinda, ne—nedzidzo dzedu dzebhaibheri, uye nezvinhu zvakadaro, uye orega kuzviratidza pachaKe sezvaAkaita kwavari kuparadzwa kwavo kusati kwaitika . . .

52 Uye ichi ndicho chiratidzo chikuru kuratidza kuti nguva yaswedera. Iyo yakange yaswedera kune maJudha. Uye mudzidzisi wese weBhaibheri anoziva kuti mwa—mwaka weMarudzi wasvika kumagumo, uye Iye ari kuzotendeukira zvekare kumaJudha. Uye Mwari vakaomesa mwoyo waHitler, Mussolini, vose ivavo vaitonga nechisimba, neRussia; uye vakaendesa maJudha iwayo kudzokera chaimo muParastina, umo mavanofanira kunge vakamira imomo.

53 Ndine bhaisikopo: *Three Minutes Before Midnight* maringe nesainzi. Uye maJudha iwayo vachiuya vakatakura vadikanwa vavo, vachembera, vakaremara, kumusana kwavo. Munozviona mumagazini re*Look*, *Life*, vachiuya vachidzika kubva kuIran uye nenzvimbo idzodzo vakatakura maJudha iwayo akura imomo. Uye imwe shamwari yangu yakaenda kwavari, ndokutora zvese muruvara rweKodachrome, akati, "Muri kudzoka kumusha kuzofa here?"

Vakati, "Kwete, tiri kudzoka kuzoona Mesia. Hatisi kudzoka kuzofa. Tiri kudzoka kuzoona Mesia."

54 Jesu akati, "Kana muonde uchinge wotanga kubukira, chizvarwa chino" (makore makumi mana) "haazoperi, kusvikira zvinhu zvose izvi zvazadziswa."

55 Muri kuzvibata here? Chii chiri kuitika? Kudanwa kwekupedzisira kweMarudzi. Nyika dzagadzirira kuparadzwa panguva ipi zvayo. Uye kufunga nezvazvo, izvozvo zvisati zvaitika, Chechi inoenda Kumusha kutanga. Uye dai taikwanisa kuparadzwa mangwanani asati asvika, uye nekutongwa, ko zvakadii pamusoro pekuenda kumusha kweChechi? Kunogona kuuya panguva ipi zvayo. Zvirokwazvo. Oo, bengenukai, vanhu, zunzai munhu wenyu wemukati wepamweya ari mamuri kuburikidza nekuverenga Shoko. Tave kumagumo. Nguva yava pedyo.

56 Takava nedzidzo yebhaibheri, takava nezera rechechi, asi ino ndiyo nguva yacho. Uye zvino, chiratidzo chekupedzisira kumaJudha, chaiva chipi? Kuuya kwaIshe Jesu. Chiratidzo chekupedzisira kuMarudzi Ndiye achiuya ari muMweya weMweya Mutsvene achidzoka muChechi yaKe, achiita zvinhu zvimwe chete izvo zvaAkaita kareko, kuzviratidza pachaKe ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Imi tarisai uko uye munokwanisa kuverenga bepanhau uye moona chinyorwa mumatenga. Munoona, takanangana nokuparadzwa. Hapana imwe nzira yekubuda nayo kwatiri isu.

57 Kana Mwari vakatendera nyika ino kuti ienderere mberi nezvivi zvairi kuita, Ivo vachange vakasungirwa, saMwari vane nduramo, kumutsa Sodhoma neGomora uye vokumbira ruregerero nekuda kwekuvapisa. Vari kuita zvivi zvimwe chete izvo zvatiri kuita. Mwari vanoda mutadzi, asi Vanovenga chivi, uye Ivo vane nduramo, uye icho chinofanira kutongwa.

58 Uye izvo zvaVari kuita: Mwanakomana waVo ari kufamba achidarika nemunyika nhasi muchimiro cheMweya Mutsvene; uye chechi yakazviramba, ichibva pazviri, ichiita jee nazvo, kuitira kuti Ivo vange vakarurama kutumira kutongwa: izvo zvaVakavimbisa kuti Vaizoita. Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ishe Jesu mumwe chete iyeye, uyo akazvizivisa pachaKe ipapo, akavimbisa, akaporofita, akati zvinhu zvese izvi zvaizoitika: uye hepano pazviri. Ko tiri kuzoitei nekuda kwazvo? Ngatizvigamuchirei, shamwari. Ngatizvitendei.

59 Hepano pane mufananidzo mudiki wakarara pano; mumwe munhu akandivhunza pamusoro pawo: Chiedza chiya. Zvino, kanganwai nezvangu. Ini ndinongova munhu, munoona. Tiri kutaura pamusoro peChiedza. IShongwe yeMoto. George J. Lacey, mukuru weFBI, kudhinda kweminwe nemamagwaro, akachiongorora. Iwo wakaturikwa uko muWashington, DC mu Religious Hall of Art: Chinhu chega cheMweya chati

chambotorwa mufananidzo. Iwo uri muSwitzerland; iwo uri muGermany: uko kwavakachitora.

60 Ko sei iwo chisingapararire? Ko sei uyu usiri kumbozivikanwa? Iwo haukwanise kuzivikanwa. Havambobvira vakaziva zvinhu izvi kusvikira zvatopfuura. Ivo vakati Vakange, vazvivanza kubva kumeso evakachenjera uye nevakangwara, uye zvozarurirwa kune vacheche avo vaizokwanisa kudzidza. Vangani vanoziva kuti Jesu akataura kudaro? Ndokutenda Mwari nekuda kwazvo.

61 Imi vanhu maKatorike, hamuna kumbobvira makaziva kuti Mutsvene Patrick aiva ani. Iye akanga asiri Mukatorike chekutanga, munozviziva izvozvo. Asi mushure mekunge afa nguva yakareba, imi makacherechedza kuti iye aiva mutsvene. Ko zvakadii naMutsvene Francis wekuAssisi? Muparidzi aifamba aine Bhaibheri pasi peruoko rwake. Imi hamuna kumucherechedza ipapo.

62 Ko zvakadini naJoan wekwaArc? Chechi yeKatorike yakamupisira padanda, apo iye achichemera tsitsi. Makamupisa semuroyi, Bherizebhabhu. Mudzimai aiva akazadzwa neMweya, aiona zviratidzo, uye achiita zviratidzo nezvishamiso, uye imi makamupisa semuroyi, saBherizebhabhu. Asi makore angaite zana apfuura, makazocherechedza kuti iye aiva mutsvene. Hongu, makava nekutendeuka, makafukunura iyo mitumbi yevaprisita, uye mukaikandira murwizi. Iye zvino, iye akaitwa mutsvene.

63 Mwari vanogara vachitumira tsitsi dzaVo, chiratidzo chaVo; Ivo vanoenda nepamusoro pemeso evakachenjera uye nevakangwara, uye vozarurira kumucheche; Ivo vanodana Chechi yaVo uye voisimbisa; heyo yoenda. Ivo vane nduramo. Ivo vakarituma. Ivo vanosungirwa kuShoko raVo.

64 Tarirai kune vazhinji ivavo maJudha zasi uko muzuva iroro, Mateo 12, Iye akati vazhinji vavo vakaona zvinhu zvaAkaita, asi zvakadaro ivo havana kukwanisa kutenda maAri, nekuti muporofita akati, Isaya, "Ivo vane meso, havakwanise kuona, nenzeve, havakwanise kunzwa"; vakapofomadzwa.

65 Marudzi akapofomadzwa nezvitendwa ne—nemasangano. Ivo vanokundika kuti vaone Jesu asinganzwisisike, akamuka ari kufamba muMweya waKe pakati peChechi yaKe, uye achiita zvinhu izvo zvaAri kuita, ipo pano chaipo panguva yekupedzisira.

O, Mwari, zarurai meso edu. Zarurai meso edu ndiwo munamato wangu.

66 Chimwezve chinhu chaAkaita, tisati tavhara. Rimwe zuva Akanga achipfuura . . . Haana kuona kana chiratidzo. Aipfuura nepaiva neboka diki revanhu, uye ivo vese vaiMubhabhadzira, vachimhoresa maoko Ake, nezvose, nezvakadaro. Zvino mu—

mumwe mudzimai mudiki akati mumoyo make, "NdinoMutenda kuti Murume mutsvene. Ndinotenda kuti Iye Mwanakomana waMwari. Uye ndi—ndi—ndinongova mudzimai mudiki." Uye iye aiva nedambudziko rekubuda ropa, panguva yekuguma kubereka, uye iro, kwemakore akawanda akange ave naro, uye havana kukwanisa kurimisa. Vanachiremba hapana zvavakakwanisa kuita nezvaro. Uye iye ndokuti, "Kana ndikangogona kubata nguwo yaKe, ndinotenda ndichapodzwa." Zvino iye akabata nguwo yaKe. Zvino, nguwo yekuParastina inorembera yakaregedzeka; hawaikwanisa kuibata . . . mukombero, ndipo pazasi payo, yakarembera zasi chaiko zvakaregedzeka. Zvino iye akabata mupendero wenguwo iyoyo. Aive akagara, zvichida pazasi paKe, uye iye ndokubata mupendero. Iye akafamba zvishoma, zvino Ndokucheuka, Akati, "Ndiani aNdibata?"

67 Iyeye aiva Jesu zuro. Bhaibheri rakati, "Ndiye Muprisita Mukuru," manheru ano, "anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu." Ndizvozvo here? Mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

Mudzimai akaMubata. Iye akati, "Ndiani aNdibata?"

68 Uye Petro, ari . . . oo, ainzwa kuva mukuru nekuti aive akaita semumwe mukuru vevaapostora, iye akati, "Zvino," akatsiura Ishe Jesu, uye akati, "ko sei Muchitaura chinhu chakadaro? Zvakanaka, ndiani anokwanisa kuziva kuti ndiani aKubatai? Munhu wese ari kuKubatai."

Jesu akati, "Asi ndapera simba. Simba rabuda maNdiri." Oo, ndiko kubata kwandinotarira kuti imi vanhu veNew Haven munobata.

69 "Ndinonzwa kuti Ndapera simba. Simba rabuda maNdiri." Munhu wese akaramba akanyarara. Iye akatarisa kwese-kwese muboka raKe diki revanhu vakanga vakamira ipapo, kwaive kune varedzi ikoko kurwizi. Zvino Iye akatarisa kunze uko, uye Akaona mudzimai uya mudiki. Aiva akazadzwa nesimba iro raikwanisa kuziva uko kwaive kutenda kwechokwadi. Iye akati kumudzimai, akamuudza chinhano chake, uye ndokuti, "Kutenda kwako kwakuponesa."

70 Iyeye aiva Jesu zuro. Bhaibheri rakati Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye Muprisita Mukuru, VaHebheru, Testamende Itsva, anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.

71 Saka, kana Iye ari Muprisita Mukuru nazvino, kana waMubata, kana wakagara muungano umo mauri zvino uye woti, "O Mwari, regai ndiKubatei, Jesu, ndinotenda Imi," kwete zvemanyawi, asi kungoMubata, ko Iye aizoita sei? Aizofanira kuita nenzira imwe chete yaAkaita nayo kareko, kana kuti haAizove Jesu mumwe chete. Maona? Iye aizofanira kutaura achipindura, achishandisa miromo yeChechi yaKe, uye otaura

chinhu chimwe chete, nekuti tiri muza-. . . matavi, Iye ndiye Muzambiringa. Aizofanira kuzotaura achipindura zvakananga uye otaura chinhu chimwe chete chaAkataura ipapo, kana kuti Iye haasi Jesu mumwe chete, Iye haasi Muprisita Mukuru mumwe chete, Iye ndemumwewo.

72 Asi Iye mupenyu manheru ano. Oo, ndinofara kwazvo naizvozvo, shamwari. Iye mupenyu! Uye muzuva rino apo patisiri. . . tisina chinhu chimwe chete chatinokwanisa kuzorora pachiri, iwe—iwe uri. . . isu tinongova. . . taparara. Pane chinhu chimwe chete chinokwanisa kumira, ndihwo Humambo hwaMwari.

73 Nyika yedu? Yaparara. Yadyiwa kusvika pamoyo nemajuru. Ndakamira pane, ndakave, panzvimbo apo vanaFarao muEgipita; vakatozochera mafiti makumi maviri kuti vawane mizinda yavo; uye muRome nevanaKesari; uye nehumambo hwese hunoparara nekuti kune Humambo huri kuuya husingazomboparari, ndihwo Humambo hwaMwari. Izvi zvimwewo, zvose zvinofa zvinopa nzira kune kusafa.

74 Asi, nyika huru iyo yatinayo; uye zvakadaro Bhaibheri rinotaura kuti nyika yese pasi pezuva inotongwa nadhiyabhore. Jesu akadaro. Nyika dzose dzinotongwa nadhiyabhore. Ndosaka tichirwa nekuenderera mberi nenzira yatinoita nayo. Satani akati, "Dzose ndedzangu." Iye akaMuratidza, "Idzi, ndichadzipa dzese kwaUri, kana Iwe ukandinamata." Jesu aiziva kuti Iye aizova mudyi wenhaka kwadziri. Iye akati, "Ibva paNdiri, Satani." Maona? Aiziva kuti Iye aive Mudyi wenhaka kwadziri.

75 Uye chero bedzi tiri. . . Tine mutungamiri anoshamisa kwazvo. Zvino, ini handisi wezvematongerwo enyika, asi ndinofarira VaEisenhower, uye ndinofunga kuti murume akanaka kwazvo, asi kana tikaisa Dwight Eisenhower mudunhu rega-rega muUnited States ino, iyo yaizoramba ichingokambura muchivi. Bhaibheri rakati yaizodaro. Hezvoka izvo. Nguva yasvika.

76 Shamwari, kwete nguva refu yapfuura ndakava nerwendo kuenda kuFinland, mushure chaimo meyekutanga. . . Hondo Yechipiri Yepasi rose. Ndakaona madzimai iwayo echiFinnish, panguva yeusiku, vese vakasungirirwa mumahanisi, vachidhonza hara kumashure kwavo; varume; vana vadiki vakatakura rambi; havamire nekuda kweusiku, vanongoramba vachienda mberi. Hondo yakange yapera, vaifanira kudyara gorosi. Kana vasina kudyara gorosi muvhu, hapaizove nechirimwa gore rinouya, vese vaizoziya kusvika pakufa. Machinda madiki achimhanya mberi nerambi, uye vaizonge vaneta kwazvo; uye amai vachidhonza, pamwe nekudikitira, uye mafudzi asvuurwa, nezvimwe zvese; vasikana vechidiki, nevose. Baba vachiuya kumashure, vachikanda gorosi so*kudai*. Kurimara nenzira yese-yese, kungomara pamusoro, kungoti

vaise gorosi muvhu. Chando chiri kuuya; chinozovapo nemuchando mose. Pasina gorosi, hapana hupenyu.

77 Zvino hama, ndiyo nzira yazviri, nhasi, muHumambo hwaMwari: Nguva yapera kupfuura zvaunofunga. Hatikwanise kuva nenguva yekumira kuitira rumutsiriro rwakakura, tinofanira kumara pasi, todyara mbeu muvhu.

Chiratidzo ChaMesia SHO58-0528
(The Sign Of The Messiah)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Chivabvu 28, 1958, paHillhouse High School muNew Haven, Connecticut, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org